

# DWA ANPLWAYE YO

## ANBA LWA NASYONAL KONSÈNAN RELASYON TRAVAY

**NLRA garanti dwa anplwaye yo pou òganize ak negosye angwoup avèk patwon yo, epi pou yo angaje nan lòt aktivite pwoteje nan tèt ansanm. Anplwaye ki pwoteje anba NLRA\* pwoteje kont sèten kalite patwon epi kont move konduit sendika. Avi sa a ap ba ou enfòmasyon jeneral sou dwa ou, epi sou obligasyon patwon yo ak sendika yo anba NLRA. Kontakte Konsèy Administrasyon Nasyonal Relasyon Travay, ajans federal ki fè ankèt epi rezoud plent yo anba NLRA, avèk enfòmasyon kontak ou bay anba a, si ou gen nenpòt kesyon sou sèten dwa ki ka aplike nan espas travay patikilye ou.**

### Anba NLRA, ou gen dwa pou:

- **Òganize yon sendika** pou negosye avèk patwon ou konsènan salè ou kantite èdtan travay ou ak lòt kondisyon jeneral travay la.
- **Fòme yon sendika, antre nan yon sendika oswa asiste yon kandida.**
- **Negosye angwoup avèk patwon an** avèk asistans reprezantan anplwaye yo chwazi pou jwenn yon kontra avèk patwon ou pou detèmine salè ou, avantaj u yo, kantite èdtan travay, ak lòt kondisyon travay la.
- **Diskite sou kondisyon jeneral travay la** oswa sou òganizasyon sendika avèk kamarad travay ou yo oswa avèk yon sendika.

### anba NLRA, li it ilegal pou yon sendika oswa pou sendika ki reprezante ou nan negosyasyon avèk patwon ou:

- **menase** you pou fè ou konnen ou pral pèdi djòb ou sof si ou sipòte sendika a.
- **Refize travay sou yon doleyans** paskeou te kritike ofisyèl sendika a oswa paske ou pa yon manm sendika a.
- **Itilize oswa konsève nòm oswa pwosedi diskriminasyon** nan fè referans pou djòb nan yon biwo anbochaj sendika.
- **Lakòz oswa fè tantativ pou lakòz yon Patwon fè pratik diskriminasyon kont ou** akòz aktivite ou ki pa gen rapò avèk sendika

### Anba NLRA, li ilegal pou patwon ou:

- **Entèdi ou mande pou gen yon sendika pandan lè ou pa nan travay,** tankou anvan oswa apre travay  
Oswa pandan lè repo; oswa li ilegal pou patwon an entèdi ou distribiye dokiman sendika pandan lè ou pa nan travay, nan zòn ki pa espas travay la, tankou pakin oswa sal repo yo.
- **Poze ou kesyon sou sipò oswa aktivite sendika ou** nan yon manyè ki dekouraje ou angaje nan aktivite konsa.
- **Revoke ou, retwograde ou, oswa transfere ou, oswa redui kantite èdtan travay ou oswa chanje peryòd travay ou,** oswa fè aksyon negatif kont ou, oswa

- **Fè aksyon** avèk youn oswa plis kamarad travay pou amelyore kondisyon travay ou, avèk lòt Mwayen, pou fè konnen plent ki konsène travay la dirèkteman avèk patwon ou oswa avèk yon ajans gouvènman, epi pou chèche èd nan yon sendika.
- **Grèv ak pikèt**, selon objektif oswa mwayen grèv la oswa pikèt la.
- **Chwazi pou pa fè okenn nan aktivite sa yo**, tankou antre nan yon sendika, oswa rete yon manm nan yon sendika.

Nou p ap tolere konduit ilegal. Si ou kwè dwa ou oswa dwa lòt moun te vyole, ou ta dwe kontakte NLRB san pèdi tan pou pwoteje dwa ou, anjeneral nan sis mwa apre aktivite ilegal. Ou ka chèche enfòmasyon sou posib vyolasyon yo san patwon ou oswa okenn lòt moun pa okouran rechèch w ap fè a. Nenpòt moun ka depoze akizasyon yo epi anplwaye ki afekte dirèkteman nan vyolasyon an pa bezwen depoze akizasyon yo. NLRB ka òdone yon patwon pou re-anboche yon travayè li revoke, yon mezi ki vyole lwa a, epi pou peye anplwaye salè ak avantaj anplwaye a pèdi epi yo ka òdone yon patwon oswa yon sendika pou sispann vyole lwa a. Anplwaye yo ta dwe chèche jwenn asistans nan biwo rejyonal NLRB ki pi pre a epi yo kapab jwenn adrès biwo a sou sitwèb Ajans lan: [www.nlrb.gov](http://www.nlrb.gov).



aktivite asosye.

- **Pran mezi negatif kont ou dapre si ou antre nan sendika oswa si ou sipòte sendika a.**

*Si oumenm oswa kamarad travay ou yo chwazi yon sendika pou deside pou ou kòm reprezantan ou nan negosyasyon angwoup avèk patwon an, patwon ou ak sendika a gen obligasyon pou negosye an bòn-fwa nan yon vrè efò pou jwenn yon akò alekri ak obligatwa pou detèmine kondisyon jeneral travay la. Sendika a gen obligasyon pou reprezante ou yon fason akseptab nan negosyasyon epi pou ranfòse akò a.*

Ou kapab kontakte NLRB tou depi ou rele nimewo gratis: 1-844-762-NLRB(6572). Gen asistans nan lang ki disponib. Moun ki rele ki mal pou tande epi ki vle pale avèk yon reprezantan NLRB ta dwe voye yon imèl ba [rela\\_y\\_s\\_e\\_mc\\_r.h.g@jll](mailto:rela_y_s_e_mc_r.h.g@jll). Yon reprezantan NLRB pral imèl moun ki fè demann lan pou bay li enstwiksyon sou fason pou pwograme yon koutfil nan sèvis relè.



ESKANE POU KONNEN

menase pou pran nenpòt nan mezi sa yo kont ou, paske ou antre nan yon sendika oswa paske ou sipòte youn, oswa paske ou angaje nan aktivite angwoup pou jwenn èd ak pwoteksyon youn pou lòt, oswa paske ou chwazi pou pa angaje nen nenpòt aktivite konsa.

- **Menase pou fèmen espas travay** ou si travayè yo chwazi yon sendika pou reprezante yo.
- **Pwomèt oswa bay pwomosyon, peye ogmantasyon salè, oswa lòt avantaj** pou dekouraje oswa ankouraje sipò pou sendika.
- **Entèdi ou pou mete chapo, bouton, tichòt, ak zepeng sendika nan espas travay la** eksepte nan sèten sikonstans
- **Espyone oswa fè anrejistremant nan videyo sou aktivite pasifik sendika** ak rasanbleman oswa fè tankou li fè sa.

\*Lwa Nasyonal konsènan Relasyon Travay konsène pifò patwon sektè prive a. Moun ki pa gen pwoteksyon anba NLRA se anplwaye sektè piblik la, travayè agrikòl yo ak travayè nan kay, nan kontraktè endepandan, travayè yon paran oswa madanm oswa mari anplwaye, anplwaye konpayi ayeryen ak anplwaye konpayi chemennfè pwoteje anba Lwa konsènan Travay nan Sektè Chemennfè, ak sipèvizè yo (menmsi sipèvizè ki te viktim nan pratik diskriminasyon poutèt yo te refize vyole NLRB, yo ka pwoteje anba lwa a).